

Sesyon siplemantè sou pouvwa, vyalans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA

# KOURIKOULÒM KORE TIFI

Etap Chanjman pou elèv: Faz 2 (Konsyantize)



G i d p o u p w o f e s è  
B I Y O L O J I

Twazyèm Sik Fondamantal (7yèm, 8yèm ak 9yèm Ane)



**REPANSE POUWVA**

An nou balanse pouwva ant fi ak gason



**BEYOND BORDERS**





Repanse Pouvwa ekri dokiman sa a,  
avèk kolaborasyon Institution Mixte Père Louis-Farnèse LOUIS-CHARLES, Kap Wouj


Remèsiman espesyal pou Pwofesè Biyoloji Maître Pierre Léonel ak Ekip Repanse Pouvwa ki te kreye ak adapte sesyon yo. Mèsi pou C. Kathia Ridoré, pou kontribisyon li nan faz final dokiman sa a. Mèsi pou Raising Voices ki te kreye plizyè sesyon ki soti nan metodoloji SASA! e ki adapte nan liv la.

# SESYON

## POU 7YÈM, 8YÈM AK 9YÈM


### ANE FONDAMANTAL BIYOLOJI

- Entwodiksyon ..... 1
- 7yèm Ane Fondamantal ..... 3
- 8yèm Ane Fondamantal ..... 9
- 9yèm Ane Fondamantal ..... 15





Dokiman Biyoloji sa a pran an kont kourikoulòm Syans Esperimental Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP)<sup>1</sup>.



## 7yèm Ane Fondamantal:

TÈM	SESYON, LÈ AK PAJ	REFERANS NAN KOURIKOULÒM/LIV
<b>Pibète / Fè bagay oswa fè pitit twò bonè</b>	Ki lè yon moun pare pou fè pitit ? (45 minit-1nèdtan) paj 4	Kourikoulòm leta: <i>Sciences expérimentales 7ème AF</i> Chapitre «Les vertébrés» paj 46. Kontni: «Reproduction et développement des vertébrés» paj 59 jouk 61.  Liv: <i>Manuel de Sciences Expérimentales</i> , 7ème, Stiphil Norbert, Mérozier Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain, Calas Joseph Henry. Paj 28, apre c) Activités sexuelles.

## 8yèm Ane Fondamantal:

TÈM	SESYON AK LÈ	REFERANS NAN KOURIKOULÒM/LIV
<b>Pouvwa</b>	Kisa pouvwa ye, epi rapò li genyen ak fason yon popilasyon viv? (45 minit) paj 10	Kourikoulòm leta: <i>Sciences Expérimentales 8ème AF</i> . Chapitre «Interaction entre les éléments du milieu paj 91. Contenu : «Rapports entre population et environnement» paj 91 jouk 94.  Liv: 8yèm - <i>Manuel de Sciences Expérimentales 8ème année</i> , Stiphil Norbert, Mérozier Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain, Calas Joseph Henry. Paj 57, pati 2, apre Rapports entre Population et Environnement


## 9yèm Ane Fondamantal:

*NB : Pou 9yèm Ane Fondamantal, kourikoulòm nan prevwa 4èdtan pou sistèm repwodiktè nan mwa Avril ak Me e, vyolans sou fanm genyen move konsekans sou sistèm repwodiktè.*

*Referans nan kourikoulòm leta pou sesyon pi ba yo: Curriculum du MENFP Sciences expérimentales 9ème AF. Chapitre Le système reproducteur, page 91. Contenu : Conditions souhaitables à une relation sexuelle humaine, page 94 à 96.*

TÈM	SESYON AK LÈ	REFERANS NAN LIV
<b>Vyolans sou fanm ak tifi</b>	Kisa vyolans sou Fanm ak Tifi ye ? (30 minit) paj 16	Liv : <i>Syans Esperimantal 9èm AF</i> Jean François Tardieu Paj 74 nan "Sexualité et Famille", 2zyèm kolòn, dènye paragrap apre li pale sou abi seksyèl kont timoun. OUBYEN, <i>Manuel de Sciences Expérimentales, 9ème</i> , Stiphil Norbert, Merozier Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain, Calas Joseph Henry. Paj 55, nan fen paj la, apre Conditions souhaitables à une relation sexuelle.
<b>Vyolans sou fanm ak tifi</b>	Konsekans vyolans sou Fanm ak Tifi (45 minit) paj 20	Liv : <i>Manuel de Sciences Expérimentales, 9ème</i> , Stiphil Norbert, Merozier Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain, Calas Joseph Henry. Toutswit apre lòt sesyon: Kisa vyolans sou fanm ak tifi ye?
<b>VIH/SIDA</b>	Kisa VIH/SIDA ye? (45 minit) paj 24	Liv : <i>Manuel de Sciences Expérimentales, 9ème</i> , Stiphil Norbert, Merozier Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain, Calas Joseph Henry. Paj 57, Stiphil Norbert. NB: Pou plizyè sesyon, nou rekòmande <i>Guide Méthodologique en éducation au VIH et au SIDA</i> , soti nan MENFP/UNESCO/ONUSIDA Haiti, projet 207 Hai 1002.
<b>VIH/SIDA</b>	Sesyon opsyonèl: Sistèm defans sante moun ak VIH/SIDA (30 minit) paj 33	Liv : <i>Manuel de Sciences Expérimentales, 9ème</i> , Stiphil Norbert, Merozier Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain, Calas Joseph Henry. Paj 57, touswit apre sesyon "Kisa VIH/SIDA ye?" ak "Kiyès ki kouri plis risk pou trape VIH/SIDA?".
<b>Makonnay ant vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA</b>	Kiyès ki kouri plis risk pou trape VIH/SIDA? (45 minit) paj 37	Liv : <i>Manuel de Sciences Expérimentales, 9ème</i> , Stiphil Norbert, Merozier Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain, Calas Joseph Henry. Paj 57, touswit apre sesyon "Kisa VIH/SIDA ye?".

# BIYOLOJİ – 7 YÈM ANE FONDAMANTAL



Tèm: Pibète / Fè bagay oswa fè pitit twò bonè

# Ki lè yon moun pare pou fè pitit? (45 minit-1èdtan)

## Objektif:

- Konprann ni moun, ni bèt genyen yon peryòd pou yo fè pitit, epi konprann ki lè li twò bonè pou yo fè sa.
- Konnen ki lè yon moun pare pou l fè pitit.
- Montre konsekans ki genyen lè moun fè pitit san yo poko pare.

## Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Trase tablo a nan 3 pati. Nan tèt premyè pati a, ekri: 1 – Sou moun nan. Nan tèt 2zyèm pati a, ekri 2 – Sou fanmi li. Nan tèt 3zyèm pati a, ekri: 3 – Sou sosyete a an jeneral. Kite ase espas pi ba tit sa yo pou asire ou kapab mete repons elèv yo.




## Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Eksplike: "Se pa sèlman bêt ki gen yon moman pou yo repwodwi, moun genyen peryòd espesyal pou fè sa tou."

## Egzèsis:

### 1) Esplike:

- "Pibète, se peryòd nan lavi yon moun kote gwo chanjman ap fèt nan kò li."
- "Pou yon timoun, peryòd sa a kòmanse nan laj 10 zan, pou lòt se nan laj 12 zan, oubyen pita pase sa toujou."



- "Pibète se yon bagay ki nòmal li ye."
  - "Pandan peryòd sa a nan lavi timoun nan, li gen yon seri chanjman k ap fèt nan kò li, tankou:
    - i) Pou fi: pwèl pouse devan li ak anba bra li, yon fi pouse tete e li gen règ li, koumanse gen likid ki soti nan vajen li, li kapab vin ansent, elatriye.
    - ii) Pou gason: pwèl pouse devan li ak anba bra li, li grandi pi vit, vwa li kòmanse chanje, li kapab ejakile, ki vle di lè peni li di, likid ki soti ladan li kapab fè yon fi ansent si li fè bagay ak yon fi ki deja fòme, elatriye."
  - "Se kèk nan chanjman sa yo ki pral pèmèt kò yon moun pare pou fè pitit."
- 2) Mande: "Men èske depi chanjman sa yo fèt nan kò timoun nan sa vle di li prè pou l fè pitit?"
- 3) Esplike: "Menm lè nou di moun tankou bét gen peryòd pou yo repwodwi, epi yo pa ka fè sa anvan, moun pa senp menm jan ak bét. Se pa sèlman kò nou ki kapab fè nou pare pou fè pitit. Jodi a nou pral pale sou ki konsekans ki genyen lè moun fè pitit anvan yo pare pou sa epi ki kondisyon ki oblige reyini pou yon moun pare pou l fè pitit."
- 4) Mande: "Ki konsekans ki genyen lè yon moun fè pitit san l pokò pare pou sa?"
- 5) Ekri 3 lis, epi mande elèv yo site konsekans sou 3 gwoup sa yo: 1 – Sou moun nan. 2 – Sou fanmi li. 3 – Sou sosyete a an jeneral.
- 6) Eseye fè soti pwen sa yo:
- *Sou moun ki fè pitit twò bonè*: Li ka pèdi tèt li, pèdi lekòl li, li ka fè tout rès vi li pòv, li ka fè eklanmsi pandan l ap akouche epi nan chèche lavi pou pitit ki fèt la, li ka trape move maladi ki ka menm touye li. Fi kapab blese anndan vajen li, ak lòt kote nan kò li. Li ka fè kansè nan kòl matris li, sitou si li genyen plizyè moun li fè bagay ak yo.<sup>2</sup> Danje pou li devlope yon fistil, se lè po anndan vajen an pèse, epi vajen an ouvè sou vesi a, oswa sou gwo entesten an. Sa ap kreye gwo danje pou nenpòt gwosès li ta vle genyen annapre<sup>3</sup>. Menm si li pa vin ansent, fistil la ka mennen fi a nan lanmò.
  - *Sou fanmi moun nan*: fanmi an ka divize, yo ka vin pòv, lawont ka kouvri yo.
  - *Sou sosyete a*: Mwens lajan nan ekonomi peyi a paske mwens moun kontinye ale lekòl, mwens devlopman, moun pa an sante paske yo mete tèt yo an risk epi yo pa gen enfòmasyon yo bezwen, plis delenkans si gen timoun ki pa gen paran ki konnen ase pou yo oryante yo epi ba yo ankadreman.

7) Apre sa, fè elèv yo bat yon gwo bravo pou bèl travay yo sot fè a epi felisite yo.

8) Esplike:

- “N ap pale sou tout konsekans sa genyen lè moun fè ptit twò bonè, nan lide pou nou ede tifi pa tonbe ansent avan lè. Men, si nou konnen yon moun ki fè ptit twò bonè, se pa blame pou nou blame l, okontré se pou nou ede l.”
- “Si yon fi ansent twò bonè epi nou blame l, sa gen move konsekans sou li. Li enpòtan pou nou sonje yon fi pa janm tonbe ansent pou kont li. Anpil fwa kominate a blame fi ki ansent twò bonè yo epi yo bliye si se nan rapò ak gason yo rive ansent, yo pa fasil blame gason yo.”
- “Sonje li enpòtan pou nou anpeche moun fè ptit twò bonè, men si yon fi tonbe nan sitiayson an, fòk nou ede l.”

9) Fè 3 a 5 gwoup, selon kantite tan ou genyen, paske chak gwoup pral prezante pandan 5 minit. Mande yo pou yo al reflechi nan gwoup yo sou kondisyon ki dwe reyini pou yon moun ka pare pou l fè ptit.

10) Mande elèv yo pou yo ekri tout repons yo jwenn sou yon fèy, aprè y ap chwazi yon moun nan chak gwoup pou vin prezante travay gwoup la devan tout klas la.

11) Ba yo 5 minit pou egzèsis la. Lè 5 minit la rive di yo kanpe la epi mande pou tout moun pran plas yo pou chak gwoup vin prezante travay yo youn apre lòt.

12) Bay chak gwoup 5 minit pou fè prezantasyon an epi apre chak prezantasyon pran kèk kòmantè. (Pa pran anpil kòmantè pou w ka jere tan an.)

13) Apre tout gwoup fin prezante, asire ke pwen sa yo te soti oubyen fè yo soti: Pou yon moun fè ptit li bezwen pare plizyè fason:

- Kò li dwe devlope ase pou li kapab pote ptit la (nou ka pran matris li kòm egzanp).
- Fòk toude moun yo dakò epi yo vle fè ptit la.
- Li dwe gen ase kapasite mantal ak emosyonèl pou li ka jere pwoblèm li ka jwenn nan moman timoun nan nan vant, nan moman li ap fèt epi apre.
- Li dwe genyen ase pouvwa ak kontwòl sou pwòp lavi pa li pou l kapab kominike epi fè pwòp desizyon pa li sou sa ki konsène kò li.
- Li dwe genyen ase matirite pou li konprann konsekans aksyon li kapab pote, epitou genyen ase matirite pou pataje refleksyon sa yo ak lòt moun.

- Li dwe pare ekonomikman, sa vle di gen yon aktivite k ap ba l lajan pou l ka pran swen tèt li ak pran swen bebe a, peye frè akouchman, peye lekòl timoun nan, elatriye.
- 14) Di elèv yo mèsi pou travay la epi fè yo bat bravo pou tèt yo.
- 15) Rezime sesyon an konsa:
- *"Moun tankou bêt gen yon moman pou yo koumanse fè ptit."*
  - *"Anvan pibète, kò yon moun pa pare pou fè ptit."*
  - *"Gen gwo konsekans lè moun fè ptit twò bonè, epi konsa tou gen gwo avantaj pou tout moun si nou rete tann lè nou pare tout bon pou nou fè bagay ak lè nou pare tout bon pou nou fè ptit."*
  - *"Gen gwo diferans ant bêt ak moun, paske se pa sèlman kò moun ki bezwen pare pou li fè ptit. Anpil kondisyon bezwen reyini."*
- 16) Remèsyé elèv yo pou patisipasyon yo.

## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

- Pibète se yon peryòd kote anpil chanjman biyolojik ak sikolojik ap fèt nan lavi yon moun;
- Pandan peryòd pibète, fi ak gason kapab fè ptit. Si sa rive, fi a oubyen gason an fè ptit twò bonè. Sa kapab genyen anpil move konsekans sou lavi yo, lavi fanmi yo ak sosyete a;
- Lè yon moun pa fè ptit twò bonè, se youn nan garanti ki kapab pèmèt moun sa a reyisi nan lavi li.

## Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site kèk gwo chanjman ki fèt nan kò fi ak gason pandan peryòd pibète.
- Site omwens 3 kondisyon ki bezwen reyini pou yon moun pare pou l fè pitit.

1.

2.

3.

- Site omwens 3 konsekans sa genyen lè yon moun fè pitit avan lè, sa vle di san li pa t pare pou sa?

1.

2.

3.



# 8 BIYOLOJI – YÈM ANE FONDAMENTAL



Tèm: Pouwwa

# Kisa pouvwa ye<sup>4</sup>, epi rapò ant pouvwa ak fason yon popilasyon viv? (45 minit)

## Objektif:

- Konprann sans "pouvwa".
- Dekouvri ki moun nan kominote a ki plis sèvi ak pouvwa yo sou lòt moun.
- Konprann rapò ant pouvwa ak fason yon popilasyon viv.

*NB: Malgré pwofesè a ap pale sou plizyè kalte pouvwa nan sesyon sa a, asire genyen kèk egzanp sou dezekilib pouvwa ant fanm ak gason.*

## Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Fè yon kopi kesyon yo nan denyè pati sesyon an, apre Evalyasyon elèv, epi koupe yo pou chak gwoup kapab jwenn pa yo.

## Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

- 1) Mande: "Nan yon popilasyon, èske tout moun viv menm fason, oubyen èske tout moun genyen sa yo rele an franse menm "style de vie"? Poukisa?"
- 2) Selon repons elèv yo, di: "Nan sesyon sa a, nou pral pale sou sans pouvwa epi kijan pouvwa kapab enfliyanse fason popilasyon an viv."

## Egzèsis:

- 1) Ekri mo "pouvwa" nan mitan tablo a.

- 
- 2) Mande elèv yo pou yo chak bay yon pawòl ki ale nan menm sans ak mo "pouvwa."
  - 3) Ekri tout sa yo di sou tablo a, toutotou mo "pouvwa". Fè aktivite sa a byen vit, san pèdi tan. (Pa egzant, elèv yo kapab di: fòs, ladrès, otorite, vyolans, estati, kontwòl, lajan, enèji, elatriye.)
  - 4) Di elèv yo mèsi pou kontribisyon yo. Asire elèv yo konprann se pa sèlman prezidan ak lòt otorite ki gen pouvwa men se tout moun ki gen pouvwa selon definisyon nou ba yo.
  - 5) Mande: "Èske pouvwa se yon bagay pozitif oubyen negatif? Poukisa?"
  - 6) Esplike: "Pouvwa kapab pozitif oswa negatif selon jan moun sèvi avè l."
  - 7) Mande: "Ki gwooup nan popilasyon ayisyen an ki plis sèvi ak pouvwa yo sou lòt moun?" (NB: Pwen sa yo ta dwe soti nan bouch elèv yo: moun ki gen lajan, moun ki gen edikasyon, moun ki pa gen andikap, moun ki konn li, gason, elatriye).
  - 8) Esplike: "Lè pouvwa pa byen ekilibre li kapab lakòz anpil pwoblèm, tankou vyolans. Pouvwa enfliyanse fason moun viv, li touche divès aspè yon popilasyon ak anviwonman li tankou kwasans popilasyon an, bezwen pou resous ak espas, kalite lavi ak konsomasyon."
  - 9) Mande elèv yo divize an 5 gwoup, epi bay chak gwoup youn nan kesyon pi ba yo:

**A. Rapò ant ogmantasyon popilasyon an ak resous** (*Rapport entre croissance de la population et demande de ressource*): Si yon popilasyon ap grandi epi pa gen ase resous (tankou dlo, manje, elatriye) pou tout moun, kiyès ki pi fasil jwenn resous sa yo? Èske se moun ki gen pouvwa oswa moun ki pa gen pouvwa? Bay yon egzant kote se pa tout moun nan yon popilasyon ki jwenn resous yo bezwen pou yo viv nòmalman, epi di kiyès oubyen ki gwoup ki pa jwenn resous.

**B. Popilasyon ak espas** (*Population et espace*): Si yon popilasyon ap chèche lòt espas pou l viv oswa pou l pwodui, kiyès ki pi fasil jwenn pi bon pati nan espas la: moun ki gen pouvwa oswa moun ki pa gen pouvwa?

Bay yon egzant kote yon popilasyon oblige deplase pou rezon lagè, katastwòf natirèl, oubyen yon lòt. Esplike nan yon sitiyasyon konsa si moun ki gen plis pouvwa te jwenn pi bon espas oubyen pi move espas pase lòt moun yo. Esplike tou kijan fi yo konn viv nan sitiyasyon sa yo pa rapò ak gason yo. NB: Ou kapab pran egzant 12 Janvye 2010 nan tranbleman tè an Ayiti.

**C. Popilasyon ak kalite lavi moun** (*Population et qualité de vie*): Lè nou di yon popilasyon genyen yon bon kalite lavi, kisa ki fè nou di se yon bon kalite lavi ? NB pou pwofesè: Lè nou pale de bon kalite lavi, nou vle di: kondisyon lavi moun e nou ka konsidere sante, sekirite,



manje, lwazi, mwayen komunikasyon, sistèm edikatif elatriye. Bay yon egzanp kote moun anndan yon popilasyon ki pa gen pouvwa pa gen bon kalite lavi.

**D. Popilasyon ak fason moun viv** (*Population et style de vie*): Nou te di tout moun nan yon popilasyon pa viv menm fason, epi pouvwa se youn nan eleman ki chanje fason yon moun viv. Bay 3 egzanp ki montre kantite pouvwa yon moun genyen detèmine fason moun nan viv.

**E. Popilasyon ak konsomasyon** (*Population et consommation*): Kiyès ki konsome pi plis: moun ki gen pouvwa oubyen moun ki pa gen pouvwa? Bay yon egzanp ki montre mank pouvwa enfliyanse kantite ak kalite bagay yon popilasyon oubyen yon moun konsome.

- 10) Bay chak gwoup 10 minit pou l reflechi ak 3 minit sèlman pou l li kesyon li genyen epi rezime repons la.
- 11) Fè ti eklèsisman si gen bezwen pou asire chak gwoup konprann byen kantite pouvwa yon moun oubyen yon gwoup genyen detèmine fason li viv.

**12) Rezime:**

- "Tout moun gen pouvwa, men sosyete a pa bay tout moun menm pouvwa."
- "Si yon popilasyon oubyen yon moun manke pouvwa, genyen mwens chans pou popilasyon sa a oubyen moun sa a genyen aksè ak resous ki nan anviwonman li. Si li pa gen pouvwa, li kapab pa ka chwazi bon espas pou l viv, epi li ka gen yon move kalite lavi ak yon mòd lavi ki pa bon pou li."
- "Gen plizyè egzanp kote yon moun ki pa gen pouvwa pa ka pran desizyon ki bon pou li, epi sa gen konsekans sou sante li, sou edikasyon li, sou byennèt li an jeneral."
- "Pou rezon sa a, li enpòtan pou nou sonje kisa pouvwa ye, pou nou pote atansyon sou fason nou sèvi ak pouvwa pa nou epi byen sèvi ak li. Li enpòtan tou pou nou eseye ekilibre pouvwa nou youn ak lòt nan kominote a pou evite plis pwoblèm."


## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Rapò ki tabli sou pouvwa pami divès gwoup nan yon sosyete genyen anpil konsekans sou kalite lavi moun nan sosyete a. Move repatisyon pouvwa se youn nan koz ki esplike relasyon chirepit ki egziste ant divès gwoup nan sosyete a. Pi souvan, nou jwenn yon ti minorite nan popilasyon an ak moun ki gen dwa pran desizyon sou resous yo, moun ki gen aksè a resous yo ak yon gwo majorite ak moun ki pa gen ni dwa, ni aksè. Bon repatisyon pouvwa pami diferan gwoup moun nan yon sosyete kapab amelyore kondisyon lavi tout moun nan sosyete a.



## Evalyasyon elèv :

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Kisa pouvwa ye?
  - Ki rapò ki genyen ant pouvwa ak fason yon popilasyon viv ? Kijan pouvwa gen rapò ak fason yon popilasyon viv?
- 

# Kesyon pou travay an gwoup



## A. Rapport entre croissance (de la) d'une population et demande de ressources:

Si yon popilasyon ap grandi epi pa gen ase resous (tankou dlo, manje, elatriye) pou tout moun, kiyès ki pi fasil pou yo jwenn resous? Èske se moun ki gen pouvwa oswa moun ki pa gen pouvwa?

Bay yon egzant kote pa te genyen resous pou tout moun nan yon popilasyon, epi esplike kiyès ki pa t jwenn resous.

## B. Population et espace:

Si yon popilasyon ap chèche lòt espas pou l viv oswa pou li pwodui, kiyès ki pi fasil jwenn pi bon pati nan espas la: moun ki gen pouvwa oswa moun ki pa gen pouvwa?

Bay yon egzant kote yon popilasyon oblige soti yon kote rive nan yon lòt pou rezon lagè, oubyen katastwòf natirèl, oubyen yon lòt rezon. Esplike si yo te jwenn bon espas an fonksyon pouvwa yo te genyen ou pa. NB: Ou kapab pran egzant 12 Janvye 2010 nan tranbleman tè an Ayiti.

## C. Population et qualité de vie:

Lè nou di yon popilasyon genyen yon bon kalite lavi, kisa ki fè nou di se yon bon kalite lavi ?

Bay yon egzant kote nou wè moun ki pa gen pouvwa anndan yon popilasyon pa genyen bon kalite lavi.

## D. Population et style de vie:

Nou te di tout moun nan yon popilasyon pa viv menm fason , epi pouvwa se youn nan eleman ki chanje fason yon moun viv. Bay 3 egzant ki montre kantite pouvwa yon moun genyen detèmine fason moun nan viv.

## E. Population et consommation:

Kiyès ki konsome pi plis: moun ki gen pouvwa oubyen moun ki pa gen pouvwa? Bay yon egzant ki montre mank pouvwa enfliyanse kantite ak kalite bagay yon popilasyon oubyen yon moun konsome.



9

# BIYOLOJI – YÈM ANE FONDAMANTAL



Tèm: Vyonans sou fanm ak tifi

# Kisa vyolans sou Fanm ak Tifi ye ? (30 minit)

## Objektif:

- Fè elèv yo dekouvri 4 tip vyolans sou fanm ak tifi ki egziste.
- Pèmèt elèv yo dekouvri rapò ki genyen ant vyolans sou fanm ak tifi avèk pouvwa.
- Pèmèt elèv yo konprann vyolans sou fanm ak tifi se yon pwoblèm sante publik.
- Ede elèv yo dekouvri move konsekans vyolans sou fanm pote pou sante moun.

## Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Ekri definisyon ki pi ba a sou tablo a:

*"Vyolans sou fanm se tout menas oubyen tout zak (fizik, emosyonèl, seksyèl, ekonomik), ki fèt sou fi, ki fè mal, ki ka menm koze lanmò e ki fèt pou kenbe fanm ak tifi anba pouvwa avèk kontwòl lòt moun."*

- Fè kopi fèy sou kalte vyolans yo ki parèt nan fen egzèsis la, oubyen si gen posibilité bay chak elèv yon kopi bwochi "Vyolans sou Fanm / Enfòmasyon nou dwe konnen" ki soti nan metodoloji SASA!. Ou kapab jwenn bwochi a nan materyèl sou sit web repansepouvwa.org sou paj "materyèl", anndan foldè ki rele "Konsyantize".

## Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Èske nou kapab di genyen kondisyon yo reyini pou de moun genyen kontak entim si gen fòs kote nan relasyon an, oubyen vyolans?

## Egzèsis:

- 1) Mande elèv yo pou li deklarasyon ki sou table a. "Vyolans sou fanm se tout menas oubyen tout zak (fizik, emosyonèl, seksyèl, ekonomik), ki fèt sou fi, epi ki fè mal, e ki ka menm koze lanmò, ki la pou kenbe fanm ak tifi anba pouvwa avèk kontwòl lòt moun"
- 2) Trase table a an 4 pati. Fè elèv yo site 4 tip vyolans yo pandan w ap ede yo si yo ta blyie youn ou kèk ladan yo. (Fizik, Emosyonèl, Seksyèl, Ekonomik.)
- 3) Ekri diferan tip vyolans yo nan chak pati table a konsa:

Vyolans Fizik

Vyolans Emosyonèl

Vyolans Seksyèl

Vyolans Ekonomik

- 4) Mande elèv yo site 3 a 5 egzantnan chak kalte vyolans, epi mete repons yo pi ba tip vyolans ki apropriye. Pote eklèsisman pou yo si gen bezwen. Ou kapab gade egzantnan fèy ki nan fen egzèsis sa a pou w asire repons yo soti.



- 5) Mande: "Imajine 2 granmoun ki déjà fòme yon koup. Si gen vyolans, èske nou kapab di kondisyon yo reyini pou yo genyen bon relasyon seksyèl? Poukisa wi oubyen poukisa non?"

- 6) Eseye fè soti:
  - A. Pa ka gen vyolans lè de (2) moun nan yon koup genyen bon relasyon.
  - B. Kondisyon ki swetab pou bon relasyon seksyèl, se lè 2 moun byen balanse pouvwa yo ansanm, pou yo ka fè bon jan dyalòg.
  - C. Genyen plizyè kondisyon ki oblige reyini pou nou kapab di yon koup jwenn kondisyon swetab pou bon relasyon seksyèl. Vyolans ak fòs kote pa kapab ladan li.

- 7) Mande: "Ki konsekans vyolans genyen sou lasante yon moun?"

- 8) Pran repons elèv yo epi eseye fè soti: Vyolans sou fanm ak tifi se yon gwo pwoblèm sante piblik. Li ka fè fanm nan malad sou kò li, anndan kò li, nan lespri li, e li ka menm lakòz li mouri. N ap gen pou n wè sa pi plis nan sesyon k ap vin apre a ki se: "Konsekans vyolans sou fanm ak tifi".
- 9) Remèsyelèv yo pou egzèsis la.

- 10) Distribiye fèy sou kalte vyolans yo ki parèt nan fen egzèsis la, oubyen si gen posibilité bay chak elèv yon kopi bwochi "Vyolans sou Fanm / Enfòmasyon nou dwe konnen" ki soti nan metodoloji *SASA!*.

## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

- "Vyolans sou fanm se tout menas oubyen tout zak ki fèt sou fi, ki fè mal e ki ka menm lakoz lanmò. Vyolans sou fanm fèt pou kenbe fanm ak tifi anba pouvwa ak kontwòl lòt moun."
- Genyen 4 tip vyolans sou fanm : vyolans fizik, vyolans seksyèl, vyolans emosyonèl, vyolans ekonomik.
- Vyolans sou fanm genyen anpil move konsekans sou lasante ak lavi fanm ak tifi ki sibi vyolans sou fanm. Sa genyen move konsekans sou lavi fanmi moun ki sibi vyolans sou fanm, sou kominate li ak sou sosyete a an jeneral.



## Evalyasyon elèv :

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- 11) Defini vyolans sou Fanm ak Tifi.
- 12) Bay 2 egzanp vyolans Ekonomik, 4 egzanp vyolans Seksyèl, 2 egzanp vyolans Emosyonèl ak 4 egzanp vyolans Fizik.
- 13) Poukisa vyolans se yon faktè ki fè kondisyon yo pa reyini pou yon bon relasyon seksyèl ?



## Kalite vyolans yo fè sou fanm

FOTOKOPI

Moun konn panse vyolans sou fanm se sèlman vyolans fizik—tankou baton, kalòt, bourad. Alòske vyolans fizik se youn nan plizyè kalite vyolans yo fè sou fanm. Se pa sèl vyolans sa a ki genyen sou fanm. An reyalite, gen 4 kalite vyolans diferan yo fè sou fanm. Men yo: vyolans fizik, vyolans seksyèl, vyolans emosyonèl, ak vyolans ekonomik.

**Vyolans fizik** se tout zak ki fè yon fanm oubyen yon tifi mal nan kò li. Nan vyolans fizik, genyen:

- |         |           |             |            |                                  |
|---------|-----------|-------------|------------|----------------------------------|
| • baton | • boule   | • kalòt     | • kout pye | • atak avèk zam oubyen kouto     |
| • kou   | • bourad  | • kout pwen | • peze kou | • touye yon fanm oubyen yon tifi |
| • toufe | • trangle | • elatriye  |            |                                  |

Se vyolans fizik moun plis kapab wè, men gen anpil fanm ki eseye kache mak vyolans sou kò yo paske yo wont oubyen yo pè pou lòt moun pa ba yo move non pote.

**Vyolans seksyèl** se tout zak ki desann valè yon fanm pa rapò ak kò li, nan vi seksyèl li oubyen nan kapasite li pou li fè pitit.

Nan vyolans seksyèl, genyen:

- **fè bagay fòse**—se lè yo jennen yon fanm yon kote pou yo fòse I fè bagay; moun ki fè I sa a se ka mari li oubyen menaj li, yon moun li konnen oubyen yon moun li pa konnen; yo rele sa “kadejak” tou
- **presyon pou fè bagay**—lè yo bay yon fanm presyon pou li fè bagay—emosyonèlman, sosyalman oubyen ekonomikman, paregzanp, lè yo fè presyon sou yon fanm pou li fè bagay san pwoteksyon oubyen nan kondisyon ki ka fè I pran VIH/SIDA
- **agresyon seksyèl**—kontak seksyèl oubyen apwòch seksyèl tankou pawòl, jès ki pa fè fanm plezi
- **fè bagay ann echanj lajan oswa favè**—lè yo fè presyon sou yon fi pou li fè bagay pou lajan oubyen pou yon sèvis kèlkonk ak yon moun li pa nan relasyon avè I
- elatriye

Vyolans seksyèl se yon bagay k ap fèt tout tan nan kominate nou yo men anpil fwa se yon bagay kache. Anpil fanm ak gason pa menm wè sa yo sibi oubyen zak yo komèt se vyolans seksyèl.

**Vyolans emosyonèl** se tout abi sikolojik, tout abi vèbal tankou jouman, oubyen ankò tout aksyon ki pou kenbe moun anba kontwòl.

Nan vyolans emosyonèl, genyen:

- |                        |                          |                           |             |            |
|------------------------|--------------------------|---------------------------|-------------|------------|
| • rele sou fanm        | • pran lòt fanm sou kote | • imilyasyon              | • mank dega | • menas    |
| • entimidasyon/presyon | • izolasyon              | • kenbe moun nan yon kwen |             | • elatriye |
| • anpeche li gen zanmi | • kontwòl                |                           |             |            |

Vyolans emosyonèl kapab fè mal menm jan ak lòt kalte vyolans yo. Fanm ki sibi vyolans fizik, vyolans seksyèl oubyen vyolans ekonomik sibi vyolans emosyonèl tou.

**Vyolans ekonomik** se tout zak ki atake byennèt ekonomik yon fanm oswa yon tifi tankou libète pou fanm sèvi ak lajan pou pwòp desizyon pa li, oubyen tout zak ki baze sou lajan, byen materyèl pou kontwole fanm.

Nan vyolans ekonomik, genyen:

- pa bay yon fanm lajan oswa manje nan lide pou pini fanm nan pou yon bagay kèlkonk
- anpeche yon fanm fè lajan
- poze grapen sou lajan oswa byen yon fanm
- abandònman
- derefize yon fanm patisipe nan desizyon ki gen arevwa ak lajan, byen materyèl
- elatriye

Tèm: Vvolans sou fanm ak tifi

# Konsekans vvolans sou Fanm ak Tifi<sup>5</sup> (45 Minit)

## Objektif:

- Identifie ak egzaminen kèk nan konsekans vvolans sou fanm.
- Gade kèk pwoblèm sante ak maladi yon fanm kap sibi vvolans oubyen pitit li ka genyen.
- Gade avantaj ki genyen pou lasante lè pa gen vvolans.

## Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Trase tablo a an 5 pati. Nan tèt chak pati, ekri youn nan tit sa yo:

Fanm ak tifi yo      Gason yo      Timoun yo      Fanmi an      Kominote a


## Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Gen de lè se yon maladi ki ravaje kò yon moun, epi fè kò a vin fèb, men gen de lè maladi a se yon bagay nou kapab anpeche. Nou ka rele vvolans sou fanm ak tifi yon maladi sosyal. Se pa yon mikwòb ki lakòz li, se fòs kote oubyen sa nou rele "dezekilib pouvwa ant fanm ak gason". Men, li fè anpil dega sou kò ak lespri moun. Jodi a, nou pral pale sou konsekans biyolojik, mantal ak sosyal vvolans sou fanm ak tifi genyen sou tout moun.

## Egzèsis:

- 1) Esplike elèv yo : "Nan egzèsis sa a, nou pral chèche dekoutri konsekans vvolans sou fanm ak tifi genyen sou fanm ak tifi yo (sitou fanm ak tifi k ap sibi vvolans, men tout fanm ak tifi yo tou), sou gason yo, sou timoun yo, sou fanmi epi sou tout kominote a an jeneral."

- 2) Atire atansyon elèv yo sou tit yo ki sou tablo a: Fanm ak tifi yo, Gason yo, Timoun yo, Fanmi an ak Kominote a.
- 3) Esplike: "Nou pral brase lide sou konsekans vyolans sou fanm genyen sou chak gwoup moun. Tankou, si vyolans sou fanm kapab fè yon fanm blese, n ap mete 'blese' nan lis 'Fanm ak tifi yo'. Si yon gason ka pèdi afeksyon fanmi li, nou pral mete sa sou lis 'Gason yo'."



- 4) Divize elèv yo an 5 gwoup.
- 5) Esplike: "Chak gwoup elèv pral travay sou youn nan gwoup moun ki sou tablo a. Wap ekri tout lide ou genyen yo sou tablo a epi chwazi yon moun pou bay rapò gwoup la."
- 6) Avèti gwoup yo lè se yon sèl minit ki rete.
- 7) Kanpe egzèsis la lè 10 minit la rive.
- 8) Revize 5 lis yo ak tout gwoup la. Lè ou rive sou lis pou fanm ak tifi ak lis pou timoun yo, fè elèv yo reflechi pi fon sou konsekans biyolojik, fizik ak konsekans mantal pou fanm ak tifi, epi pou timoun yo. Ajoute kèk mo sou lis sa yo pou tout elèv yo ka konprann kouman lè nan fwaye yo fanm yo ap sibi vyolans, sa gen gwo konsekans sou sante fanm ak tifi ak sou sante tout timoun ki nan fwaye yo an jeneral. Asire tout repons sou tout lis yo klè.

→ **Konsekans pou fanm ak tifi yo kapab :** dezespwa, estrès, depresyon, yo vin izole, plis chans pou yo fè timoun ki gen pwa fèb lè li fèt, plis chans pou yo trape VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay, avòtman yo pa te vle fè, eklanmsi nan akouchman, rimatis, opresyon, mal tèt, doulè nan do, doulè toutan, pwoblèm pou yo fè pipi, kolestewòl ki pa nòmal, maladi kè, kriz tansyon, fonksyon iminite siprime, pwoblèm nan entesten, li ka mouri, elatriye.

→ **Konsekans pou gason yo kapab :** pran prizon, peye amand, tristès, pa gen bon rapò ak ptit yo, kè yo pa kontan, pa jwenn afeksyon, yo ka fou, yo ka trape anpil lòt maladi pa manje ka bay ak lòt maladi mantal, yo fè plis depans pou lasante madanm yo.

→ **Konsekans pou timoun yo kapab :** depresyon, reta nan premye règ (si se yon tifi), enfeksyon moun pran nan fè bagay espesyalman VIH/SIDA, pa travay byen lekòl, gen lapèrèz, li vin izole, sante li vin frajil, devlope lòt pwoblèm sikolojik lè yo gran.

→ **Konsekans pou fanmi kapab :** gwo depans ki oblige fèt lopital oswa kay doktè pou pran swen blesi, enfeksyon ak lòt kalte maladi, mank amoni ak kè kontan, tansyon ak divizyon nan fanmi an, elatriye.

→ **Konsekans pou kominote a kapab :** twòp chay sou do pèsònèl lasante yo ak sèvis sante yo, mank devlopman, mank lapè, vin gen plis timoun nan lari, gen plis fanm ki malad nan kominote a, gen plis timoun k ap fèt ak pwa fèb, plis fanm nan kominote a ap mouri nan gwo sès ak nan akouchman, plis moun devlope pwoblèm sikolojik, plis moun gen tandans pou yo vin vyolan tou ak fanmi pa yo.

9) Si elèv yo pa t site VIH/SIDA pou lis fanm ak tifi, mande: "Èske nou panse VIH/SIDA se youn nan konsekans vyolans sou fanm ak tifi tou? Si yo déjà di li, ansèkle l."

10) Esplike:

A. "VIH/SIDA se youn nan konsekans vyolans sou fanm. Maladi SIDA devlope pi vit nan kò yon fanm k ap sibi kèlkeswa tip vyolans lan."

B. "Fi ki nan relasyon ki gen vyolans gen mwens chans pou yo genyen yon konpòtman ki ka anpeche yo atrape VIH/SIDA. Yon fanm ki sibi chòk biyolojik akoz kadejak pi fasil pou trape VIH/SIDA."

C. "Gason ki pa pwoteje tèt yo kont VIH kapab pi vyolan. Vyolans se yon gwo baryè ki lakòz fanm pa ka di si yo sewopozitif paske lè yo di sa, sa fè yo sibi vyolans."

NB: Si gen tan, fè 11 ak 12. Sinon, sote nan etap 14 pou fè rezime sesyon an.

11) Mande 5 elèv vini devan klas la. Bay chak youn nan lis yo pou yo gade. Mande yo pou yo reflechi sou kèk avantaj ki ka genyen pou gwoup pa yo lè pa gen vyolans sou fanm. Jeneralman, repons yo bay yo pral envès sa ki sou papye a. (Egzanp: si anvan nou te di youn nan konsekans vyolans sou fanm ak tifi se tristès, kounye a avantaj si pa gen vyolans se: y ap viv ak kè kontan.)

12) Eseye fè soti: fanm yo ap viv an sante, ap gen mwens fanm ki fòl akòz vyolans, ap gen mwens timoun ki fèt ak pwa fèb, mwens delenkans jivenil, mwens gason nan prizon akòz vyolans, mwens travay pou pèsònèl lasante ak pèsònèl lajistik, plis devlopman nan kominote a, ap gen plis respè ant fanm ak gason, ap gen plis timoun edike nan sosyete a, kantite fanm k ap mouri nan akouchman epi fè ekланmsi ap diminye.

13) Remèsyé elèv yo pou patisipasyon yo nan kou a, epi rezime konsa:

A. "Vyolans sou fanm ak tifi gen anpil gwo konsekans negatif sou fanm ak tifi (konsekans biyolojik, fizik, emosyonèl, seksyèl), sou gason yo, sou timoun yo, sou fanmi, epi sou tout kominote a."

- B.** "Fanm k ap sibi vyolans kapab gen gwo maladi tankou: kansè kòlmatri, avòtman nondezire, eklanmsi, move rezulta sante pwofilaktik, elatriye. Timoun ki fêt pou yon manman ak papa k ap sèvi ak vyolans gen plis chans pou yo fêt ak pwa fèb, epi timoun ki temwen vyolans gen plis chans pou yo repete vyolans si pa gen moun ki ede yo chanje sa yo te aprann."
- C.** "Enfeksyon VIH/SIDA se youn nan pakèt lòt konsekans vyolans sou fanm ak tifi. Epitou, fanm ki déjà gen VIH/SIDA konn sibi vyolans poutèt sa."
- D.** "Men gen espwa lè nou rive balanse pouvwa ant fi ak gason, vyolans sou fanm ak tifi ap kaba."

## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Vyolans sou fanm ak tifi gen anpil gwo konsekans negatif sou fanm ak tifi: konsekans biyolojik, fizik, emosyonèl, seksyèl, sosyal. Vyolans sou fanm ak tifi gen konsekans sou gason, sou timoun, sou fanmi, epi sou tout kominote a. Lè pa gen vyolans nan yon fanmi, sa pote avantaj pou tout moun nan fanmi an. Lè pa gen vyolans nan yon kominote, se tout manm kominote ki jwenn avantaj epi kominote a pi an sante. Ekilib pouvwa ant fi ak gason, se youn nan mwayen k ap rive fè vyolans sou fanm ak tifi kaba nan sosyete a.

## Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- 1) Site 1 konsekans vyolans sou fanm genyen sou chak gwoup moun sa yo:

- A.** fanm ak tifi yo
- B.** gason yo
- C.** timoun yo
- D.** fanmi
- E.** tout kominote a an jeneral



- 2) Bay kèk avantaj ki genyen lè pa gen vyolans sou fanm nan yon kominote?

# Kisa VIH/SIDA ye?<sup>4</sup> (45 minit)

## Objektif sesyon an:

- Pèmèt elèv yo konprann kisa VIH/SIDA ye.
- Pèmèt elèv yo konprann kijan moun ka atrape enfeksyon VIH/SIDA ak kèk lòt enfòmasyon kle sou VIH/SIDA.

## Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Fè kopi fèy enfòmasyon pou travay an gwoup, ki parèt nan denyè pati sesyon an, apre Evalyasyon elèv, pou chak gwoup (1 - 5) kapab jwenn pa yo.
- Fè lekti enfòmasyon pou gwoup yo ak fèy "Vre oswa Pa Vre" sou VIH/SIDA pou asire w kapab byen metrize tout repons posib gwoup yo kapab bay. W ap jwenn "Vre oswa Pa Vre" a dèyè nèt, anvan pwochèn sesyon ki swiv la.
- Ekri 5 kesyon sou tablo a, ak anpil espas vid pi ba yo, pou elèv yo ka ekri plizyè repons pi ba chak.
  - 1) Kijan moun pran VIH?
  - 2) Kijan yo ka anpeche VIH?
  - 3) Ki diferans ki genyen ant "VIH" ak "SIDA"?
  - 4) Kouman VIH/SIDA aji sou sistèm pwoteksyon kò moun?
  - 5) Ki sentòm ki mache ak VIH, e ki sentòm ki mache ak SIDA?
- Si gen posibilité, li ap pi bon pou ou ale kote yon òganizasyon fanm oubyen jwenn yon bwochi sou VIH/SIDA pou ou bay elèv yo anvan sesyon an. Sinon, ou kapab kontakte Repanse Pouwwa (509) 3617 1815, annanpechevyolans@gmail.com pou mande ki bwochi yo ta rekòmande.
- ATANSYON: Si elèv yo poze kesyon e ou pa fin konnen repons yo byen, PA FÒJE OKENN REPONS. Di elèv yo ou pral chèche enfòmasyon an pou yo, epi w a ba yo li annapre. Tanpri wè fèy pou pwofesè: "Vre oswa Pa vre? Konesans sou VIH/SIDA» pou plis enfòmasyon sou VIH/SIDA ak yon pi bon preparasyon pou kou a.



# Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Genyen plizyè maladi moun ka pran nan fè bagay. Youn ladan yo ki pote anpil danje se VIH/SIDA. An nou pale sou li."

## Egzèsis:

- 1) Nan sesyon sa a, n ap fè yon revizyon sou sa nou deja konnen, epi n ap aprann lòt bagay met sou li.
- 2) Esplike: "Nou pral fòme 5 ti gwooup pou nou reflechi sou kèk kesyon, ki déjà sou tablo a. N ap gen 10 minit pou prepare repons nou yo, yon pòtpawòl nan chak ti gwooup ap prezante repons sa yo devan tout moun nèt. Lap sèlman genyen 3 minit pou l fè sa. Chak gwooup ap genyen yon fèy ki esplike kèk enfòmasyon sou repons li yo."
- 3) Mande elèv yo fè gwooup yo, epi pou chak gwooup ekri nan kaye yo kesyon ak enfòmasyon pou gwooup li a. Mande yo chwazi yon moun pou pran nòt pou gwooup pa li, epi ekri repons yo sou tablo a pi ba kesyon an.
- 4) Kòmanse travay an gwooup. Ale kote gwooup yo pou ede yo, si gen kesyon.
- 5) Apre 5 minit, distribye fèy enfòmasyon apwopriye pou chak gwooup ki parèt nan denyè pati sesyon an, apre *Evalyasyon elèv*.
- 6) Avèti elèv yo lè se 1 minit sèlman ki rete, epi mande moun yo chwazi pou koumanse ekri repons yo sou tablo a pi ba kesyon pa yo.
- 7) Apre 10 minit, kanpe egzèsis la, epi mande elèv yo tounen nan gran gwooup jeneral la.
- 8) Mande pòtpawòl chak gwooup kanpe pou prezante kesyon ak repons gwooup la, yon gwooup apre yon lòt. Tanpri gade nan fèy gwooup yo oswa lòt bwochi sou VIH/SIDA pou plis enfòmasyon detaye ak repons pou chak nan kesyon yo. Asire repons gwooup yo kòrèk.
- 9) Apre chak prezantasyon, mande moun ki t ap prezante a pou li rete kanpe devan fèy tablo a epi pou l ajoute tout lòt bon esplikasyon elèv yo ap bay.
- 10) Mande tout gwooup la: "Èske genyen kòmantè, oswa nenpòt bagay nou ta renmen ajoute?"
- 11) Remèsyé elèv yo pou patisipasyon yo.

## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

VIH se 3 premye lèt mo franse sa yo: *Virus de l' Immunodéficience Humaine*. VIH, se yon viris ki kraze sistèm defans kò yon moun e ki pèmèt divès maladi antre sou moun nan san kò li pa kapab defann tèt li jan sa te konn fèt anvan. Lè maladi sa yo parèt sou moun nan, yo rele ansanm sentòm yo: SIDA. SIDA se yon sig an franse ki vle di: *Syndrome de l'Immunodéficience Acquise*. Lè sistèm pwotection kò moun degrade anpil jiskaske li pa ka lite kont maladi ki antre sou li, lè sa yo pale de SIDA.

Gen twa (3) mwayen moun ka trape VIH-SIDA :

- Nan fè bagay san proteksyon ak yon moun ki gen enfeksyon an;
- Yon manman ka transmèt pitit li enfeksyon an pandan li ansent oubyen pandan l ap akouche;
- Nan kontak ak san ki enfekte.

Gen twa (3) mwayen moun ka anpeche VIH:


- Nan fè bagay ak plis prekosyon oubyen pa fè bagay
- Nan evite echanj likid ki sot nan manman al nan pitit depi sa posib ak nan bay tretman
- Nan evite kontak ak san lòt moun

## Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

Chwazi 2 pami kesyon pi ba yo:

- Kijan moun pran VIH?
- Kijan moun ka anpeche VIH?
- Ki diferans ki genyen ant "VIH" ak "SIDA"?
- Kouman VIH/SIDA aji sou sistèm pwotection kò moun?
- Ki sentòm ki mache ak VIH, e ki sentòm ki mache ak SIDA?



# Gwoup 1: Kijan moun pran VIH?

NB: Gade nan premyè kolòn pi ba.

## Kouman nou pran VIH ?

### Nan fè bagay ak yon moun ki gen enfeksyon an, tankou:

- Fè bagay nan vajen
- Fè bagay nan dèyè
- Fè bagay nan bouch

### Sot nan yon manman ki gen enfeksyon an al nan pitit li, tankou:

- Pandan manman an ansent
- Pandan tibebe a ap fèt
- Nan bay tibebe a tete<sup>1</sup>

### Nan kontak ak san ki enfekte, tankou:

- Nan sèvi ak vye sereng, sereng moun sèvi deja oubyen sereng ki pa esterilize
- Kontak san ak san
- Nan pran san

## Kouman nou kapab evite pran VIH ?

### Nan fè bagay ak plis prekosyon, tankou:

- Sèvi ak kapòt gason oubyen ak kapòt fi kòmsadwa chak fwa ou fè bagay
- Sèvi ak kapòt gason kòmsadwa chak fwa ou fè bagay
- Sèvi ak kapòt sou pylon an lè se yon pylon k ap antre nan bouch yon moun
- Sèvi ak yon pwoteksyon an jelatin (tankou yon kapòt fi) ant bouch la ak vajen an lè se bouch ak vajen k ap rankontre

### Nan evite echanj likid ki sot nan manman an al nan pitit la depi sa posib epi nan bay tretman, tankou:

- Nan kontinye swiv tretman antiretroviral (ARV) si manman an rive nan degré ki mande tretman; oubyen,
- Nan swiv yon tretman ARV tou kout pou pwoteje tibebe a ki poko fin fòme nèt kont enfeksyon VIH (ARV se yon medikaman ou pran lè ou gen SIDA. W ap jwenn esplikasyon sou sa ARV vle di nan paj 5 nan bwochi sa a)
- Nan kontinye swiv tretman ARV si manman an rive nan degré ki mande tretman; oubyen,
- Nan fè manman an fè sezaryèn, depi sa posib pou sante li epi pou kesyon lajan
- Nan fè manman an ak tibebe a swiv yon tretman ARV tou kout, sa ka ede redui nan transfè virus la sot nan manman an al nan pitit la.
- Nan kontinye bay pitit la tete menm jan an nèt (paregzanp, san yo pa ba l lòt manje tou) pandan de twa premye mwa apre tibebe a fin fèt; sa ap diminye danje a men li pa elimine danje a nèt
- Nan sispann bay tibebe a tete kou li kapab pran lòt manje
- Nan evite bay tibebe a tete si li gen maleng nan bouch li oubyen si gen chofi oubyen maleng nan tete a
- Nan bay tibebe a lèt espesyal pou tibebe, SÈLMAN si fanmi an kapab peye pou sa nèt ale EPI sèvi ak dlo trete tout tan epi chak fwa

### Nan evite kontak ak san lòt moun, tankou:

- Nan sèvi ak sereng tou nèf tout tan
- Nan evite kontak ak san lòt moun depi sa posib, tankou nan mete gan
- (Pi fò kote kounye a, yo teste san yo avan yo bay moun yo, ki fè danje sa a fèb. Mande lopital la oubyen sant sante a plis ransèyman sou sèvis yo bay)

<sup>1</sup> UNICEF/UNAIDS/WHO/UNFPA. (2004). *HIV transmission through breastfeeding: A review of available evidence*.

NB: Moun PA kapab pran VIH nan kout dan moustik, nan bo, bay lamen oubyen anbrase, nan krache, sou bouch latrin/ak sou bouch watè ijenik, nan sèvi ak menm gode, kiyè oubyen menm asyèt ak lòt moun.

## Gwoup 2: Kijan moun ka anpeche VIH?

NB: Gade nan dezyèm kolòn pi ba.

### Kouman nou pran VIH ?

#### Nan fè bagay ak yon moun ki gen enfeksyon an, tankou:

- Fè bagay nan vajen
- Fè bagay nan dèyè
- Fè bagay nan bouch

#### Sot nan yon manman ki gen enfeksyon an al nan pitit li, tankou:

- Pandan manman an ansent
- Pandan tibebe a ap fèt
- Nan bay tibebe a tete<sup>1</sup>

#### Nan kontak ak san ki enfekte, tankou:

- Nan sèvi ak vye sereng, sereng moun sèvi deja oubyen sereng ki pa esterilize
- Kontak san ak san
- Nan pran san

### Kouman nou kapab evite pran VIH ?

#### Nan fè bagay ak plis prekosyon, tankou:

- Sèvi ak kapòt gason oubyen ak kapòt fi kòmsadwa chak fwa ou fè bagay
- Sèvi ak kapòt gason kòmsadwa chak fwa ou fè bagay
- Sèvi ak kapòt sou pijon an lè se yon pijon k ap antre nan bouch yon moun
- Sèvi ak yon pwoteksyon an jelatin (tankou yon kapòt fi) ant bouch la ak vajen an lè se bouch ak vajen k ap rankontre

#### Nan evite echanj likid ki sot nan manman an al nan pitit la depi sa posib epi nan bay tretman, tankou:

- Nan kontinye swiv tretman antiretroviral (ARV) si manman an rive nan degré ki mande tretman; oubyen,
- Nan swiv yon tretman ARV tou kout pou pwoteje tibebe a ki pokò fin fòme nèt kont enfeksyon VIH (ARV se yon medikaman ou pran lè ou gen SIDA. W ap jwenn esplikasyon sou sa ARV vle di nan paj 5 nan bwochi sa a)
- Nan kontinye swiv tretman ARV si manman an rive nan degré ki mande tretman; oubyen,
- Nan fè manman an fè sezaryèn, depi sa posib pou sante li epi pou kesyon lajan
- Nan fè manman an ak tibebe a swiv yon tretman ARV tou kout, sa ka ede redui nan transfè viris la sot nan manman an al nan pitit la.
- Nan kontinye bay pitit la tete menm jan an nèt (paregzanp, san yo pa ba l lòt manje tou) pandan de twa premye mwa apre tibebe a fin fèt; sa ap diminye danje a men li pa elimine danje a nèt
- Nan sispann bay tibebe a tete kou li kapab pran lòt manje
- Nan evite bay tibebe a tete si li gen maleng nan bouch li oubyen si gen chofi oubyen maleng nan tete a
- Nan bay tibebe a lèt espesyal pou tibebe, SÈLMAN si fanmi an kapab peye pou sa nèt ale EPI sèvi ak dlo trete tout tan epi chak fwa

#### Nan evite kontak ak san lòt moun, tankou:


- Nan sèvi ak sereng tou nèf tout tan
- Nan evite kontak ak san lòt moun depi sa posib, tankou nan mete gan
- (Pi fò kote kounye a, yo teste san yo avan yo bay moun yo, ki fè danje sa a fèb. Mande lopital la oubyen sant sante a plis ransèyman sou sèvis yo bay)

<sup>1</sup> UNICEF/UNAIDS/WHO/UNFPA. (2004). *HIV transmission through breastfeeding: A review of available evidence*.

## Gwoup 3: Ki diferans ki gen ant “VIH” ak “SIDA”?

- VIH, se yon viris ki kraze sistèm defans kò yon moun e ki pèmèt divès maladi antre sou moun nan san kò li pa kapab defann tèt li jan sa te konn fèt anvan. Lè maladi sa yo parèt sou moun nan, yo rele ansanm sentòm yo: SIDA.
- VIH se 3 premye lèt mo franse sa yo: Virus de l’Immunodéficiency Humaine. VIH se yon viris ki atake sistèm pwoteksyon kò moun. Lè yo di yon moun genyen VIH, oswa li sewopozitif, sa vle di li genyen viris VIH la nan san li, men li pa prezante sentòm maladi SIDA. Viris VIH la afebli sistèm pwoteksyon kò a jiskaske kò moun ki gen viris la pa kapab defann tèt li kòmsadwa e maladi ki te kapab trete trapde trennen sou moun nan.
- Lè sistèm pwoteksyon kò moun degrade anpil jiskaske li pa ka lite kont maladi ki antre sou li, lè sa yo pale de SIDA. SIDA se yon sig an franse ki vle di: Syndrome de l’Immunodéficiency Acquise. Jeneralman lè kantite selil sistèm pwoteksyon kò yon moun tonbe trè ba, yo di li fè SIDA.
- Anpil moun wè diferans ant VIH ak SIDA se: moun ki gen VIH jeneralman pa gen okenn siy ou kapab wè, men lè yo rive gen SIDA, moun yo genyen siy ak sentòm ki vizib.


NB : Enfòmasyon sa a adapte apati materyèl ki soti nan [SASA!](#) ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). [SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA](#). Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, qui est une adaptation de Raising Voices (2008). [SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV](#). Kampala: Raising Voices.



## Gwoup 4: Kouman VIH/SIDA aji sou sistèm pwoteksyon kò moun?

- Sistèm pwoteksyon kò w se sistèm defans kò w kont enfeksyon. VIH atake kèk selil (selil CD4-pozitif) nan sistèm pwoteksyon kò a.
- Lè VIH antre nan selil sa yo, sa fè yo tounen yon faktori VIH, sa vle di se pwòp selil yon moun ki kòmanse pwodui virus. Sa se yon dewoulman ki ale dousman epi k ap devlope ti moso pa ti moso; se poutèt sa moun ki gen virus la pa santi anyen okòmansman. Pandan tan ap pase, VIH la ap febli plis selil nan sistèm pwoteksyon kò a toujou. Si yon moun ki gen virus VIH vin kontre ak virus VIH la ankò (nan kontinye fè bagay san pwoteksyon ak yon lòt moun ki gen virus VIH, pa egzanp), moun sa a ap vin enfekte ak virus VIH ankò, k ap febli sistèm pwoteksyon an plis toujou. Alafen, VIH la si tèlman febli sistèm pwoteksyon kò a sistèm pwoteksyon an vin pa kab pwoteje kò a ankò.
- VIH tounen SIDA lè virus la rann sistèm pwoteksyon kò a si tèlman fèb nan yon degre kote lòt maladi ak enfeksyon (tibèkiloz, malaria, elatriye) kapab antre fasil, pou fè moun nan malad. Yo rele maladi sa yo "maladi opòtinis". An mwayèn, yon moun ki an sante e ki gen yon rejim balanse nan sa l ap manje, ka gen virus VIH la pandan 10 lane anvan virus la pwogrese pou li tounen SIDA. Alafen, san tretman, kò a p ap kapab repouse menm yon maladi ki gen rapò ak SIDA, epi moun sa a ap mouri.
- Sa enpòtan pou nou sonje, depi yon moun gen VIH, menm si li parèt an sante li kapab pase virus la bay lòt moun.


NB : Enfòmasyon sa a adapte apati materyèl ki soti nan *SASA!* ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, qui est une adaptation de Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.



## Gwoup 5: Ki sentòm ki mache ak VIH, e ki sentòm ki mache ak SIDA?

- Yon moun ki gen VIH pa santi anyen. Li sanble yon moun ki byen an sante. Sa vle di li pa posib pou moun nan oubyen moun ki ap viv avèk li konnen sa. Sèl mwayen pou de (2) moun ki ap viv konnen youn ladan yo genyen VIH, se fè yon tès VIH.
- Sa yon moun santi lè li gen SIDA se sa maladi li pran ki gen rapò ak SIDA fè l santi. Si yon moun ki gen SIDA pran enfeksyon tibèkiloz, sa li pral santi se sa li ta dwe santi nòmalman pou tibèkiloz. Se menm bagay la tou pou lòt maladi ki gen rapò ak SIDA, tankou malaria, nemoni, ak lòt enfeksyon.

NB : Enfòmasyon sa a adapte apati materyèl ki soti nan *SASA!* ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, qui est une adaptation de Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.



# Vre oswa Pa vre? Konesans sou VIH/SIDA

## Repons yo

1. Fè bagay san kapòt mete moun nan danje pran enfeksyon VIH.	Vre
2. Move itilizasyon kapòt la ka fè l chire.	Vre
3. Moun ka pran enfeksyon VIH nan krache.	Pa vre
4. Moun ka pran enfeksyon VIH si yo itilize yon sereng ki itilize deja.	Vre
5. Gason ki sikonsi gen MWENS chans pou pran enfeksyon VIH pase gason ki pa sikonsi.	Vre
6. Si ou gen enfeksyon VIH la, oubyen si ou devlope maladi SIDA, ou ka jwenn gerizon kay bòkò ak nan legliz.	Pa vre
7. Manman k ap bay pitit yo tete kapab transmèt enfeksyon VIH la bay pitit yo.	Vre
8. Si ou kouri fè twalèt ou vit oubyen pran anpisilin aprè ou fè bagay san kapòt, ou pa gen anpil ris pran enfeksyon VIH.	Pa vre
9. Gen medikaman ki ka fè ou pa gen enfeksyon VIH ankò.	Pa vre
10. Gason ki sikonsi kapab pran VIH.	Vre
11. Moustik kapab bay VIH.	Pa vre
12. Gen kèk remèd fèy ki ka pwoteje w kont VIH lè w bwè yo.	Pa vre
13. Lè yon moun deja genyen VIH, pa gen okenn bagay ki ka geri li.	Vre
14. Ou kapab pran enfeksyon VIH nan yon aksidan machin, lè w blese w ap senyen epi ou vin an kontak ak lòt moun ki blese k ap senyen men ki gen VIH.	Vre
15. Ou PA ka pran VIH nan men menaj ou, madamn ou oswa mari w, si li renmen w, epi ou fè l konfyans.	Pa vre
16. Si ou toujou sèvi ak kapòt kòm sa dwa, sa ka anpeche enfeksyon VIH antre sou ou.	Vre
17. Lè yo fòse fi fè bagay, sa ogmante danje pou l enfekte ak VIH.	Vre
18. Se sèlman gason makomè ki ka pran VIH.	Pa vre
19. Si yon gason fè bagay ak yon fi ki vyèj, li pa ka pran enfeksyon VIH.	Pa vre
20. Ou pa kapab wè si yon moun gen VIH. Li pa make sou figi moun nan.	Vre
21. Si fi a mete kapòt pou fi epi mesye a mete kapòt pou gason lè y ap fè bagay, sa pi bon toujou pou yo pa pran enfeksyon VIH.	Pa vre
22. Lè gason an retire pijon li anvan li voye anndan fi a, sa kapab pwoteje fi a pou l pa pran VIH.	Pa vre
23. Moun ka pran enfeksyon VIH/SIDA si moun voye mò SIDA sou yo.	Pa vre
24. Lè moun nan kominate a konsidere kòm nòmal pou gason genyen plizyè fi, sa ka bay fi yo plis posibilité pou yo pran enfeksyon VIH.	Vre
25. Ou ka itilize kapòt plizyè fwa depi ou lave l.	Pa vre
26. Yon fi k ap swiv nenpòt metòd planing PA kapab enfekte ak VIH.	Pa vre
27. Yon tibebe kapab pran VIH si yo koupe lonbrik li ak yon jilèt ki enfekte.	Vre
28. Fi ka pi fasil pran VIH pase gason.	Vre
29. Vyolangs ki fèt sou fanm ki gen VIH kapab fè l pase nan stad developman SIDA pi vit.	Vre
30. Jèn tifi ki gen 12 rive 18 lane gen MENM ris pran enfeksyon VIH ak jèn gason menm laj.	Pa vre

TÈM: VIH/SIDA

# Sesyon opsyonèl: Sistèm defans sante moun ak VIH/SIDA<sup>4</sup> (30 minit)

## Objektif:

- Esplike wòl sistèm defans lan, ak rapò li genyen ak VIH/SIDA.

## Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Fè anviwon 40 boul ak fèy papye ou pa bezwen ankò (ansyen bouyon, fotokopi ki pa bon, jounal, elatriye.) Mete yo nan yon ti bwat oubyen yon sache.
- Lè fini, prepare anviwon 10 boul ak yon lòt bagay lejè (papye an koulè, twal, oubyen mare boul papye yo ak twal an koulè), yon jan pou yon moun kapab wè diferans lan byen ak lòt boul yo, epi pou li kapab fasil pou voye yo ak men.
- Pran 3 fèy kaye, epi ekri "TB" sou yo, an gran lèt.
- Sou yon lòt fèy kaye, ekri "VIH" an gran lèt.
- Prepare tep pou kole fèy kaye yo sou lestomak moun.
- Prepare tep, oswa lakkè pou trase yon gwo sèk atè.

*NB: Pwofèsè a kapab deside fè sesyon sa a pandan rekreyasyon lekòl la. Oubyen pwofèsè a ka fè l pou evite bri jwèt la pa deranje lòt klas yo. Ajiste distans sèk imajinè ke TB ak VIH pa ka depase a selon kapasite elèv yo pou yo voye boul yo lwen. Ou kapab deside fè sèk imajinè a pi piti, dekwa pou yo vin pi pre wonn sistèm defans sante a, pou egzèsis la mache pi byen.*


## Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Nou te pale sou VIH/SIDA. Kounye a nou pral wè pi byen kijan viris VIH la febli sistèm defans sante moun.

## Egzèsis:

- 1) Esplike elèv yo: "Nan egzèsis sa a nou pral wè kijan VIH, ki se viris ki bay SIDA, kapab fè dega nan sistèm defans sante yon moun, ki se sistèm pwoteksyon natirèl kò nou genyen pou li rete an sante, oswa pou li geri lè li malad."
- 2) Mande elèv yo: "Kisa nou konnen sou fason sistèm defans sante yon moun fonksyone nan kò moun nan?"
- 3) Fè yon rezime sa yo di, oubyen esplike: "Sistèm defans yon moun, se tankou yon gwo manman baryè ak tout gadyen ki pwoteje kò moun nan kont maladi epi ki batay kont maladi ki gen tan antre. Wonn nan, reprezante sistèm defans moun nan, espas ki nan mitan an, se sante moun nan. Moun nan an bòn sante toutotan mitan wonn nan pa gen jèm maladi ki devlope ladan li."
- 4) Mande pou 2 famm ak 2 gason bay tèt yo kòm volontè.
- 5) Mande lòt moun yo pou yo kanpe an won avèk fas yo bay sou deyò. Fè yo kite yon ti espas nan mitan yo, yon jan pou yo pa kole youn sou lòt.
- 6) Bay volontè yo tep, e mande yo chak pou yo kole yon fèy papye ki make "TB", oswa "VIH" sou lestimak yo, yon jan pou li byen vizib sou yo. Ap genyen 3 "TB" ak yon "VIH".
- 7) Esplike jwèt la:
  - a. "Volontè ki genyen etikèt 'TB' sou yo reprezante maladi TB (tibèkiloz). Boul papye yo se jèm maladi TB yo ye. Maladi a pral eseye voye jèm yo anndan sante moun nan. Sa vle di TB yo ap eseye voye boul papye yo nan mitan wonn nan."
  - b. "Sistèm defans sante moun nan (ki reprezante pa moun ki fòme wonn an) dwe eseye bloke boul papye yo pou yo pa antre anndan wonn nan, san yo pa deplase nan pozisyon yo."
  - c. "Si yon boul tonbe nan mitan wonn nan (sa vle di sante moun nan febli, li trape TB), yon moun nan sistèm defans lan gen yon ti pèmisyon tou kout pou l al pran boul la nan espas sante a, pou li voye l deyò wonn nan." (Montre kijan sa ap rann baryè pwoteksyon an vin pi fèb pou yon moman, ki se egzakteman sa ki rive sistèm defans sante yon moun lè yo tonbe malad.)
- 8) Fè kòm si w ap trase yon sèk imajinè a yon distans 2 gran pa toutotou wonn nan. Di volontè TB yo dwe rete deyò liy imajinè sa a lè y ap voye boul papye yo, yo p ap ka pwoche pi pre wonn nan.
- 9) Mande gress volontè VIH la pou li rete sou kote san li pokopatisipe nan jwèt la.

10) Kòmanse jwèt la ak volontè TB yo.



11) Apre kèk minit, fè yo sispann jwèt la pou yon ti moman. Prezante volontè k ap jwe wòl VIH la epi montre lòt boul espesyal ou te prepare yo (ak papye an koulè, ak twal, oswa ak yon lòt bagay lejè).

12) Esplike: “Boul sa yo se viris VIH yo ye.”

13) Bay ti esplikasyon sou fonksyonman viris VIH:

a. “VIH atake sistèm defans sante moun nan, e dega li fè yo pa janm kapab geri.”

b. “VIH pa enterese nan travèse sistèm defans sante a; li vle detwi sistèm defans lan menm.”

c. “Si yon boul VIH frape ou, ou dwe akoupi atè, epi rete la pandan tout rès jwèt la. Ou pa gen dwa pran jèm TB pou voye yo deyò ankò.”

d. “Etan VIH ap atake sistèm defans lan, TB ap kontinye fè efò pa li pou li antre nan espas sante moun nan.”

e. "Nou mèt kontinye jwe. VIH ladan I kounye a."

Nòt pou fasilitatè a: asire w lè yon "viris VIH" manyen yon moun ki nan sèk defansif la, moun sa a kwoupi e li sispann patisipe nan jwèt la.

14) Lè ou wè boul TB yo kòmanse akimile nan mitan wonn nan pi vit pase sistèm defans sante a kapab voye yo ale, kanpe jwèt la.

15) Pou rezime egzèsis la, poze kesyon sa yo:

a. "Kisa ki te pase lè se te TB sèlman ki t ap voye jèm sou sistèm defans sante moun nan?"

b. "Kisa ki te pase apre VIH te vin parèt?"

16) Si gwoup la ase avanse, ou kapab mande elèv yo: "Kiyès ki ka ba nou yon egzanp kote li te obsève jan sistèm defans sante yon moun t ap fonksyone, oubyen jan li t ap febli? Kouman sa te fè w vin pi byen konprann jan sistèm defans sante yon moun fonksyone?"

17) Fè rezime:

a. "Sistèm defans nou ase fò pou konbat pifò enfeksyon."

b. "Lè VIH kòmanse atake sistèm defans sante a, plis tan pase, plis sistèm defans lan vin febli. Si gen lòt viris VIH ki vini anplis (sa vle di yon dezyèm kontak ak maladi VIH), efè maladi a ap vin pi fò e pi rapid toujou. Konsa, sistèm defans sante a vin twò fèb pou li kapab konbat lòt enfeksyon li konn kenbe sou kontwòl lè pa gen VIH."

## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Sistèm defans nou ase fò pou konbat pifò enfeksyon. Lè VIH kòmanse atake sistèm defans sante yon moun, plis tan ap pase, plis sistèm defans la ap febli. Si gen lòt viris VIH ki vini an plis (sa vle di si moun nan genyen yon dezyèm kontak ak viris VIH), efè maladi a ap vin pi fò e pi rapid toujou sou moun nan. Konsa, sistèm defans sante a vin twò fèb pou li kapab konbat lòt enfeksyon li konn kenbe sou kontwòl lè pa gen VIH.

## Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan I ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Ekri 2 paragraf pou esplike wòl sistèm defans lan, ak rapò li genyen ak VIH/SIDA.

# Kiyès ki kouri plis risk pou trape VIH/SIDA? (45 minit)

## Objektif:

- Konprann tout moun—fi kou gason—ka pran VIH/SIDA.
- Konprann poukisa fi pi an danje pou yo trape VIH/SIDA pase gason.

## Preparasyon pwofèse a bezwen fè:

Ekri 4 kesyon pou travay an gwooup pou elèv yo kapab wè yo.



## Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:


Nou te pale sou kisa VIH/SIDA ye. Jodi a nou pral pale sou kiyès ki kouri plis risk pou yo trape VIH/SIDA epi poukisa.

## Egzèsis:

### 1) Esplike:

- *"Tout moun ka pran VIH/SIDA—pa gen moun ki pa an risk ditou. Men kèk moun pi an danje pase lòt. Jodi a nou pral esplike poukisa jèn fi pi an danje pou yo trape VIH/SIDA pase jèn gason nan menm laj ak yo."*
- *"An Ayiti, jèn fi ki genyen ant 15 ak 24 lane genyen 2 fwa plis risk pou yo trape VIH/SIDA pase gason ki nan menm laj avèk yo."<sup>6</sup>*
- *"Li enpòtan pou nou konprann rezon ki fè sa, pou nou pa repwoche jèn fi yo pou sa. Sa ta yon gwo erè ki t ap anpeche nou wè, epi trete kòz fondamantal pwoblèm nan. Lè nou konprann poukisa gen plis risk pou tifi trape VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay pase ti gason, sa ka pèmèt nou konnen sa pou nou chak fè, pou nou evite gwo malè pandye sou kominate nou."*

- “Tifi ki gen bòn kondisyon sante se chemin pou tout moun kap viv nan kominote a an sante.”
  - “Gen 2 gwo kalte rezon ki fè fi kouri plis risk pou yo pran VIH/SIDA pase gason: rezon biyolojik ak rezon sosyal.”
  - “Nan rezon sosyal, nou pral wè makonnay malouk ki genyen ant 2 gwo pwoblèm sante: vyolans sou fanm ak tifi avèk VIH/SIDA.”
- 2) Mande: “Ki rezon biyolojik nou panse ki kapab fè fi pi fasil pou yo trape VIH pase gason?”
- 3) Eseye fè soti rezon biyolojik sa yo, epi di yo si elèv yo pa di yo:
- Sifas vajen an pi gwo pase sifas pijon an, ki fè vajen an gen plis pati ki ekspoze.
  - Lè yon fi ap fè bagay san I pa vle, gen plis danje pou li blese andedan vajen li, paske anndan kò li konsantre epi li sèk.
  - Tifi ki gen kò yo ki pokon fin devlope nèt plis an danje pou yo blese epi pou yo sibi domaj nan kò yo pandan y ap fè bagay.
  - Yon enfeksyon moun pran nan fè bagay ki rete san I pa trete kapab fè moun nan pi fasil pou li pran VIH epi pou li pase I bay lòt moun.
  - Genyen enfeksyon moun pran nan fè bagay ki pa montre sentòm sou fanm, epi yo rete san tretman.
  - NB: Asire elèv yo konprann kò fi pa pi fèb pase kò gason nan sans trape maladi an jeneral. Se sèlman pou rezon sa yo, ak rezon sosyal nou pral pale sou yo.
- 4) Esplike: “Kounye a, nou pral gade rezon sosyal ki genyen ki fè fi pi fasil pou yo trape VIH/SIDA pase gason. Pi fò rezon ki fè fi gen plis danje pou yo trape VIH/SIDA pase gason se rezon sosyal yo ye, kidonk rezon moun kapab chanje.<sup>7</sup> Tout sa gen rapò ak yon lòt gwo pwoblèm sante: vyolans sou fanm ak tifi.”
- 5) Esplike: “Nou pral divize an 4 gwoup. Chak gwoup pral pran 10 minit epi n ap reflechi sou yon kesyon klè, epi prezante repous nou yo nan gwo gwoup.”
- 6) Divize elèv yo an 4 gwoup, epi bay chak gwoup youn nan kesyon pi ba yo:
- Si yon fi pa gen ase pouvwa pou li deside ki lè epi kijan I ap fè bagay, kijan sa ka ogmante risk pou li pran VIH/SIDA?



- Si yon fi koumanse fè bagay anvan kò li fin fòme nèt, kijan sa ka ogmante risk li pou li pran VIH/SIDA?
- Si yon fi pa gen lajan pa li, kijan sa ka ogamante risk li pou li pran VIH/SIDA?
- Si sisyete a fè fi pè poze kesyon sou lasante yo epi fè yo pè pale sou fè bagay, kijan sa ka ogmante risk pou yon fi pran VIH/SIDA?

- 7) Avèti elèv yo lè se yon minit sèlman ki rete.
- 8) Apre 10 minit, kanpe egzèsis la, epi mande elèv yo tounen nan gran gwoup jeneral la.
- 9) Mande pòtpawòl chak gwoup kanpe pou prezante travay gwoup la, yon gwoup apre yon lòt. Apre chak gwoup prezante, mande lòt elèv yo bay lòt egzanp, epi pote chanjman nan repons yo si gen bezwen.
- 10) Remèsyé elèv yo pou patisipasyon yo.
- 11) Esplike: "*Gen plizyè rezon sosyal ki fè fi yo pi an danje pou yo trape VIH/SIDA pase gason. Si nou mete tèt ansanm, nou kapab chanje rezon sosyal sa yo pou kominote a ka pi an sante.*"
- 12) Mande: "*Ki lòt rezon ankò ki kapab fè fi pi an danje pou yo trape VIH/SIDA pase gason?*"
- 13) Eseye fè soti repons pi ba yo. Si elèv yo pa site yo, di yo pou elèv yo.
  - Lè tifi fè bagay anvan kò yo fin fòme nèt.
  - Lè fi marye bonè. Anpil fwa, lè yon fi jèn anpil toujou, li marye ak yon gason ki pi granmoun pase l. Kidonk gason sa a genyen chans pou li fè eksperyans fè bagay deja, e pou li gen tan trape VIH/SIDA, oswa yon lòt maladi.
  - Lè yo pa gen ase mwayen pou yo viv, epi gason granmoun ap fè bagay ak fi ki pi jèn lontan pase yo ann echanj lajan oswa favè.
  - Lè se fòse yo fòse yon fi fè bagay. Kadejak ak lòt vyolans seksyèl ogmante danje pou fi trape VIH/SIDA. Dapre ankèt ki fèt ann Ayiti, sou chak 5 fi, genyen youn se nan fòse li te genyen premye eksperyans li nan fè bagay.<sup>8</sup>
  - Lè fi yo pè pou yo chèche konesans sou kò yo, sou pati entim yo, sou sa ki gen rapò ak fè bagay, oswa ak fè pitit, paske yo pè moun va pale yo mal, oswa yo ka menm sibi vyolans pou sa.

- Dominasyon menaj yo, oswa lòt moun k ap ba yo presyon oubyen lajan pou yo fè bagay anvan yo pare pou sa, ki fè tifi yo pa gen kontwòl sou kò yo.
- Lè menaj oswa mari tifi ak jèn fi yo pa rete fidèl ak yo. Nan pifò kominate, moun konsidere li nòmal pou yon gason genyen plizyè fanm, men yo pa konsidere li nòmal pou yon fanm genyen plizyè gason. Menm lè yon jèn fi rete fidèl ak menaj li, oswa mari li, gason an kapab genyen lòt fanm. Kidonk, sa ogmante danje pou fi sa a trape VIH/SIDA kanmenm, malgre li rete fidèl.

#### 14) Rezime:

- *"Tout moun gen risk pou yo trape VIH/SIDA si yo pa pwoteje tèt yo."*
- *"Men, nou wè pou rezon biyolojik ak sosyal, fi pi an danje pase gason."*
- *"Nan tout rezon sosyal nou site yo, anpil fi pa gen pouvwa pou yo deside sa ki pi bon pou sante ak byennèt yo. Anpil fi pa kapab di non yo pa vle fè bagay. Mennaj yo pa rete fidèl menm si yo menm yo rete fidèl. Anpil fi pa gen enfòmasyon ni pouvwa pou yo mande mari oubyen mennaj yo mete kapòt."*
- *"Lè nou vin konprann poukisa fi pi an danje pase jèn gason pou yo trape VIH/SIDA, sa pèmèt nou pa repwoche jèn fi. Pito nou gade kijan nou kapab pèmèt jèn fi yo jwenn pouvwa ak kontwòl sou kò yo, pou yo kapab viv an bòn sante, san gwo danje pou yo trape VIH/SIDA."*

## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an:

Tout moun, fi kou gason ka trape VIH/SIDA si yo pa pwoteje tèt yo. Rezon sosyal ak biyolojik fè fi genyen plis risk pou yo trape VIH/SIDA pase gason. Nou pa dwe blame fi pou risk sa yo. Wòl ak devwa nou tout nan sosyete a, se ankouraje balans pouvwa ant fi ak gason pou popilasyon an kapab pi an sante.

## Evalyasyon elèv:

*Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.*

- Èske ni fi ni gason kapab trape VIH/SIDA?
- Site 2 rezon biyolojik ki fè fi pi an danje pou yo trape VIH/SIDA pase gason.
- Site 2 rezon sosyal ki fè fi pi an danje pou yo trape VIH/SIDA pase gason.

## Nòt

- 1 Sòti nan kourikoulòm lekòl fondamantal, Enstiti Pedagojik Nasyonal (IPN) yon antite Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP), 3e sik, Biyoloji, 1990.
- 2 John FORLITI epi lòt, *Values & Choices: Human Sexuality, The Teacher's Manual*, edisyon revize (Minneapolis: Search Institute, 1991), 119.
- 3 <http://www.endfistula.org>
- 4 Definisyon pouvwa adapte apati definisyon ki soti nan SASA! ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon RAISING VOICES (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.
- 5 Sesyon sa a adapte apati materyèl ki soti nan SASA! ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, qui est une adaptation de RAISING VOICES (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.
- 6 USAID. (2010). *Haiti HIV/AIDS Health Profile*. Retrieved on May 7, 2012 at [http://www.usaid.gov/our\\_work/global\\_health/aids/Countries/lac/haiti.pdf](http://www.usaid.gov/our_work/global_health/aids/Countries/lac/haiti.pdf)
- 7 Anpil nan rezon yo adapte soti nan: Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, qui est une adaptation de RAISING VOICES (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.
- 8 Bott S, Guedes A, Goodwin M, Mendoza JA (2012) *Violence Against Women in Latin America and the Caribbean: A comparative analysis of population-based data from 12 countries*. Washington, DC: Pan American Health Organization, p. 74-75.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •**

**Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre**